

Done Istorik sou Envitasyon nan Egzamen Eskolè yo

- An mwayèn, pandan twa dènye ane estratejik ki pase yo, 7 lekòl nan PBS la te resevwa 47% envitasyon nan egzamen eskolè yo te voye bay elèv BPS yo, sepandan, yo pa t plis pase 19% enskripsyon nan klas 6^{yèm} ane nan BPS la.
 - BTU Pilot K-8
 - Eliot K-8
 - Kilmer K-8
 - Lyndon K-8
 - Murphy K-8
 - Ohrenberger
 - Quincy Upper
- 38 lòt lekòl BPS yo, ki reprezante 81% nan enskripsyon nan klas 6^{yèm} ane BPS, yo te resevwa 53% nan envitasyon yo.

Enskripsyon yo teste, demann, ak envitasyon nan egzamen eskolè yo

Gwoup elèv	SY20-21, Enskripsyon* nan Klas 6 ^{yèm} Ane nan Tout Vil la		Kandida pou SY20- 21		Kandida pou SY20- 21 avèk B oswa yon mwayèn siperyè		Envitasyon (Ki baze sou tè sèvi ak Gwoup Kandida SY20-21)	
Elèv ki Prezan 40%+ Povrete Eskolè**	4414	83%	2104	75%	1110	66%	796	80%
Elèv ki Prezan Mwens pase 40% Povrete Eskolè**	922	17%	697	25%	580	34%	204	20%
Total	5336	100%	2801	100%	1690	100%	1000	100%

Elèv ki nan yon lekòl kote pousantaj povrete a pi piti pase 40% reprezante 17% nan enskripsyon nan klas 6^{yèm} ane ak 20% nan envitasyon yo teste yo. Elèv ki nan yon lekòl kote pousantaj povrete a pi plis pase 40% reprezante 83% nan enskripsyon nan klas 6^{yèm} ane ak 80% nan envitasyon yo.

*Yo kalkile enskripsyon nan 6^{yèm} ane nan tout vil la sou baz enfòmasyon ki disponib pou piblik la selon Pwofil lekòl ak distri MA DESE yo, epi sa gen ladan l lekòl piblik ansanm ak lekòl ki pa -piblik yo.

**Yo te kalkile plis pase 40% nan lekòl yo gras ak enfòmasyon ki disponib pou piblik la selon Pwofil lekòl ak distri MA DESE yo.

Envitasyon yo Teste pou Lekòl BPS yo

- Done sou envitasyon yo teste nan lekòl BPS yo montre yo te distribye envitasyon yo yon fason ki plis ekilibre pami lekòl BPS yo epi yon fason ki plis pwopòsyonèl ak enskripsyon elèv nan chak lekòl.
- Menmjan ak chanjman yo teste nan modèl admisyon yo, chak lekòl toujou gen posiblite pou jwenn envitasyon yo.
- Yo elimine enfòmasyon pou lekòl ki gen mwens pase 5 kandida oswa envitasyon.
- Si yon lekòl pa gen envitasyon se paske yo pa t gen okenn elèv ki te aplike oswa paske elèv ki te aplike yo pa t gen nòt oswa rezilta yo te mande nan egzamen yo.

[Lyen pou Done Envitasyon yo Teste nan Lekòl BPS yo](#)

Lekòl BPS ak Mwens Pase 40% Povrete

School Name	SY19-20 6th grade enrollment (from DESE)	SY20-21 Actual Invitations	Invitations Under Approved Policy	Invitations if Proportional to 6th Grade Enrollment	Difference between Approved Policy and Actual SY20-21	Grades only: Invitations Under Approved Policy
Alighieri Dante Montessori School	3	<5	<5	1		<5
Boston Teachers Union K-8 Pilot School	48	19	11	10	-8	11
Eliot K-8 Innovation School	79	58	48	16	-10	56
Kilmer K-8 School (4-8)	81	41	14	16	-27	10
Lyndon K-8 School	88	45	14	17	-31	21

Nou te bay 10 pwen pou lekòl ki gen povrete yo egal oswa siperyè ak 40% paske n konnen tout konsekans sa ka genyen pou elèv yo rive reyisi totalman lè yo frekante yon lekòl ki gen anpil povrete.

Jan w ka wè sa nan tès la, gen 5 lekòl nan BPS la ki gen mwens pase 40% Povrete, men yo te teste lekòl sa yo pou yo ka jwenn envitasyon nan Egzamen Eskolè yo.

Lis Datant pou Egzamen Eskolè

- Nan kòmansman ane eskolè 2022-2023 a, PBS pral kreye lis datant pou chak nan twa egzamen eskolè yo.
 - Yo pral kreye lis datant ki izole nan klas 7^{yèm} ak 9^{yèm} ane nan BLA, BLS, ak O'Bryant
 - Yo pral limite chak lis datant ak 100 elèv
 - Lis datant yo pral valab jiska 30 Novanm. Yo pa pral konsidere lis datant soti nan yon lane pou rive nan yon lòt.
 - Fanmi yo gen dwa klase egzamen eskolè yo yon fason pou yo mete l nan lis datant la
- Elèv ki jwenn yon envitasyon nan egzamen eskolè ki pi byen klase yo (premye chwa) pa pral plase sou yon lis datant
- Lòd ki sou lis datant la pral fonksyone kòm yon pwolongasyon estratejik pou envitasyon nan egzamen eskolè a. Yo pral klase elèv yo selon mwayèn jeneral yo ansanm ak nimewo yo genyen pa aza nan mitan gwoup SES yo.
 - Pandan pwosesis envitasyon an, yo envite elèv yo nan egzamen eskolè yo pandan 10 sesyon ak menm kantite plas yo bay elèv yo nan chak gwoup SES nan chak sesyon. Lè yo fin voye tout envitasyon yo pou yon lekòl ak yon klas byen detèmine, nou pral kontinye suiv menm pwosesis la pou n ajoute elèv sou lis datant la.

Egzanp: Apre yo fin distribye tout envitasyon pou BLS yo, premye elèv ki te klase BLS kòm premye chwa pa l epi ki pa t jwenn plas nan BLS pral plase an premye pozisyon sou lis datant la, menmsi elèv sa a te jwenn envitasyon pou BLA oswa O'Bryant.